

Pran prekosyon avèk Fwod ak Atis Twonpè

Release Date: Nov 30, 2020

Sivivan yo dwe atantif pou atis twonpè ak kriminèl kap eseye jwenn lajan oswa vòlè enfòmasyon pèsonèl atravè fwod, eskwokri oswa vòl idantite. Nan sèten ka, vòlè ap eseye enskri nan FEMA lè ou itilize non, adrès ak nimewo Sekirite Sosyal yo te vòlè nan men sivavan yo.

Enspeksyon fo pwopriyete:

Lè yon enspektè FEMA rele pou diskite sou domaj ki nan kay ou, li pral bezwen verifikasyon idantite w, men li pral deja gen nimewo anrejistreman w.

Pa p gen okenn ofisyèl gouvènman ki pral rele w pou mande enfòmasyon sou kont finansye w. Si ou gen dout sou si yon reprezantan FEMA lejitim, rakwoche epi rele liy èd prensipal FEMA nan 800-621-3362 pou pale sou ensidan an.

Enspektè lojman yo pa p chaje yon frè nan okenn moman pou enspekte pwopriyete w.

FEMA ak U.S. Small Business Administration pa janm mande lajan e li pa janm egzije enfòmasyon bankè oswa peman nan nenpòt fòm.

Fo kontraktè biling:

Travay yon enspektè lojman FEMA se pou verifye domaj. FEMA pa anboche oswa andose kontraktè spesifik pou fikse kay yo oswa rekòmande reparasyon.

Anboche yon enjenyè ki gen gwo repitasyon, achitèk oswa ofisyèl biling pou enspekte kay ou. Yon kontraktè imoral kapab kreye domaj pou l jwenn travay.

Lè ou gen dout, rapòte nenpòt konpòtman sisplèk bay otorite lokal ou yo.

Anboche yon kontraktè lejitim:



FEMA

Page 1 of 3

Toujou itilize yon kontraktè lokal ki gen lisans ki apwiye pa referans fyab.

Egzije yon kontraktè alekri avèk nenpòt moun ou anboche.

Pa janm peye plis pase mwatye nan pri travay la alavans. Asire ou jwenn yon resi alekri pou nenpòt peman.

Si yon estimasyon sanble pi ba pase lòt yo epi li sanble twò bon pou li vrè, se pwobableman sa. Gen anpil kontraktè imoral ki bay òf ki ba ki ta sanble atiran. Men kontraktè sa yo souvan pa gen asirans epi yo kapab chaje frè anilasyon konsiderab.

Pou rapòte twonpri, fwod ak vòl idantite kontakte:

- Liy dirèk gratis pou Fwod nan Katastwòf FEMA nan 866-720-5721;
- Biwo Pwokirè Jeneral Seksyon Pwoteksyon Konsomatè, P.O. Box 94005, Baton Rouge, LA 70804-9005,
faks: 225-326-6499;
- Konsèy Lisans Eta Louis iana pou Kontraktè yo nan <https://arlspublic.lslbc.louisiana.gov/Home/Index>; or
- Ajans lokal kap fè respekte lalwa.

Ou pa dwe prese pou pran yon desizyon rapid. Eseye jwenn twa òf separe sou travay la. Ensiste pou kapab jwenn yon estimasyon alekri oswa kontra. Epi pa siyen anyen ou pa konprann oswa kontra avèk espas vid.

Mande kontraktè yo si yo konn fè kalite reparasyon sa anvan, si yo pral achte pèmi ki nesesè, epi si yo pral enspekte travay la. Asire ke kontra a di kimoun ki pral peye pou pèmi ki obligatwa yo.

Toujou peye pou travay reparasyon pa chèk oswa kat kredi nan fason pou kenbe yon dosye epi evite double frè yo.



FEMA

Page 2 of 3

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou siklòn Laura, vizite fema.gov/disaster/4559.
Pou w jwenn dènye enfòmasyon sou siklòn Delta, vizite fema.gov/disaster/4570.
Swiv kont Twitter Rejyon 6 FEMA nan twitter.com/FEMARegion6.



FEMA

Page 3 of 3